Ассаламу гIалайкум!

ГЪУДУЛЛЪИ

№41-42
(9491-9492)

2013 соналъул
7 июнь

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

РАЙОНАЛЪ 80 СОН ТIУБАЯЛДА ХУРХУН

ГЪАВ ХIАЛТIАНА РАКIБАЦIЦIАДГО

Районалъул экономикиябгун социалияб, культуриябгун жамгIияб рахъ цебетIезабиялъулъ ракIбацIцIадаб гIахьаллъи буго 1931 соналда Хелекьури росулъ гьавурав Анварбег ХIажимухIамадовасулги.

1945 соналда росулъ 7 класс лъугIарав гьев уна Болъихъ гьоркьохъеб школалда цIализе. Амма гьеб гьоркьоб къотIизабизе ккана 1942 соналъ фронталде арав эмен рагъул майданалда шагьидлъун тIад вуссинчIолъиялъ эбелалъе кумекалъе рукъов чIезе ккеялъ. Гьедин дагьаб кватIун 1952 соналда Болъихъ гьоркьохъеб школа лъугIарав Анварбегида божизабула Инхело, хадуб Хелекьури росабазул школазул байбихьулал классазул учительлъи. ГIемер заманго инчIого ахIула ВатIаналъе тIадаб рагъулаб хъулухъалде. Гьениб кIиго соналъ рагъулаб лъадариги щун гьитIинав лейтенантасул чиналда тIад вуссарав гьев тIамула комсомолалъул райкомалъул школазулаб отделалъул заведующийлъун, хадув вищула кIиабилев секретарьлъун. Гьениб бихьизабураб хIаракатчилъиялъе гIоло партиялъул райкомалъ витIула республикаялъул лъабгосонилаб партшколалде. Отлично къиматазда гьебги лъугIизабун вачIиндал 1959 соналда гьев тIамула партиялъул райкомалъул тIоцевесев секретарасул кумекчилъун. Гьеб заманалда тIоцевесев секретарьлъун хIалтIулев вукIана республикаялдаго машгьурав ва къадрукъимат бугев ТIелекьа МухIамад Пирбудагъов.

-Гьесда цеве хIалтIулаго щвана дие партиялъулаб хIалтIул махщелги, хIалбихьигитIадабишалъе гIоло партиялъулаб жавабчилъиги,-ян ракIалде щвезабуна Анварбегица.

Гьеле, гьединав районалъул нухмалъулесда цадахъ хIалтIизе щвеялъги квербакъи гьабуна гьесие хадуб партиялъул обкомалъул аппараталде хIалтIизе вачиналъе…

Гьеб букIана партиялъул бетIерлъуда вукIарав Н. Хрущевасул хIаракатчилъиялда ва амруялда рекъон партиялъул жавабиял хIалтIухъаби колхозазулгун совхозазул нухмалъулеллъун ритIизе байбихьараб заман. Гьезда гьоркьове ккарав Анварбегги витIула жиндирго гIагараб Хелекьури росдал колхозалъул председательлъун.

Ахир 7-аб.гьум.

Сураталда ракI жубарал гьудулзаби: (квегIиса квараниде) М.ГIабдулбасиров, А.ХIажимухIамадов, А. Юсупов ва Р. ГIумаханов.

8 ИЮНЬ-СОЦИАЛИЯЛ ХIАЛТIУХЪАБАЗУЛ КЪО!

1 ИЮНЬ-ХАЛКЪАЗДА ГЬОРКЬОСЕБ ЛЪИМАЛАЗУЛ КЪО!

БИЧЧАНТЕ КИДАГО РОЦIЦIАРАБ ЗОБ БУКIИНЕ!

Халкъазда гьоркьосеб лъималазул къо кIодо гьабизе кIудияб гъираялда ракIарун рукIана батIибатIиял садиказдасагун школаздасан лъимал. Гьел киналго къокъунел рукIана культураялъул кIалгIаялде.

«Счастливое детство», «Земля-планета детей» гьединал игIланазгун кьер-кьерал шариказ къачIан букIана сценаги. Балагьаразул ракIал роххизарулел рукIана берцинго къачIараб сценаялъ гуребги, гьелдасанги берцинго къачIарал гьитIичазги.

Улбузул бадиб бихьулеб букIана рохелалъгун чIухIиялъ кунчIизабураб магIу.

Лъимал цIуниялъул къо баркизе цеве вахъана культураялъул рукъалъул директор АхIмад ГIабдулхIалимов.

Асфальталда берцинго сурат бахъун бергьарал лъималазе сайгъаталги кьуна гьес..

Хадубккун лъималазул рохалилаб тадбир бачине гьес рагIи кьуна МухIамадсайгитов МухIамадсайгитие.

Гьес, лъималазда байрамги баркун, тIоцебе сценаялде ахIана РахатIа росдал ясли-ах.

РахатIа росдал гьитIичаз бихьизабуна кьурдуе бугеб жидерго махщел.

КучIдул цIализе гьунар бихьизабуна Микрорайоналъул «Солнышко» ясли-ахалъ. Балагьаразе рекIее гIуна гьез «Кавказ» абураб кочIодалъун гьабураб тирияб кьурдиги. «Солнышко» ясли-ахалъул гьитIичал рукIана выпускной балалда гIадин ретIакъан ва гьел релълъун рукIана унго-унгоял выпускницабазда.

РагIи кьуна «Чебурашка» ясли-ахалъул гьитIичазе. «Болъихъ» росу абураб кочIодалъун байбихьана лъималаз жидерго церерахъин. Балагьаразе кутакалда рокьана гьез ахIарал кучIдул.

Демографияб хIал районалдаги лъикIлъун бачIунеб буго. Жакъасеб къоялда нилъерги руго лъимал гIемерал хъизанал. Хадубккунги районалъул халкъалъул къадар цIикIкIине, лъималазул гьабулеб тIалаб лъикIлъизе букIиналда щибго щаклъи гьечIо.

Хириял гьитIичал, ракI-ракIалъ баркула нужеда лъимал цIуниялъул къо!

Биччанте нужер бутIрузда тIад кидаго роцIцIараб зоб букIине!

П. ДИБИРОВА.

РАМАЗАН ГIАБДУЛАТIИПОВ-ХАЛКЪИЯВ ПРЕЗИДЕНТ!

АНСАДЕРИЦА ПРЕЗИДЕНТ ДУГIАДУЛЪ ККОЛЕВ ВУГО

Цо къоялъ радалго «Гьудуллъи» газеталъул редакциялдеги вачIун, нижер кабинеталъуве жаниве лъугьарав АнсалтIа росдал мажгиталъул будун ва росдал жамгIияв хIаракатчи ТIагьирил Камилица, къокъабго калам-хабаралдаса хадуб, цIехана бетIерав редактор ГIумахан кинаб рахъалда вугеван.

-Гьев вехе командировкаялда вуго, 2-3 къоялдасан вачIине бегьула,-ян абидал:- Гьедин батани, дун гьев вачIараб мехалда вачIина,-янги абун гьобол ине лъугьана.

-Газеталда хурхараб жо батани, нижедеги бицине бегьула. КIиабизеги вачIунев вукIун дурго къиматаб заман хвезабичIого букIине,-ян абидал, будун разилъана ва жиндирго мурадалъул хIакъалъулъ бицине лъугьана.

-Дунги нижер росдал гIемерисел бичIчIи бугел гIадамалги кутакалда разилъана районалъул «Гьудуллъи» газеталда бахъараб «Дагъистаналъе Аллагьасго кьурав Президент» абураб макъалаялда. Нужер мухбир Ш. Лабазановас машгьурав исламияв гIалимчи ва Дагъистаналъулго жамгIияв хIаракатчи АхIмадудин-хIажилгун гьабураб гара-чIвариялда Дагъистаналъул Президентасул ишал тIуразарулев Рамазан ГIабдулатIиповасе кьун буго тIадегIанаб къимат. Мухбирасул щибаб суалалъе щун руго гIакъилал, кьучIал, чIванкъотIарал жавабал. Дагъистаналъул къисматалъе гIоло ракIги унтарав ва щивав дагъистаниясул гIумрудулаб анищги лъалев чи хIисабалда кIалъалев вуго динияв гIалимчи. Гьез кIудияб асар гьабуна нижер АнсалтIа росдал тIолабго жамагIаталъеги щивасеги.

Жакъа Дагъистаналда бугеб хIалалъул, ай коррупциялъул, такъсирчилъиялъул, гIадамазул ракIазулъан рухIиял бечелъаби, яхI-намус тIагIунеб букIиналъул, цо-цо чиновниказул законалда цебени щиб гурин, Аллагьасда цебегицин гьечIеб жавабчилъиялъул хIисаб гьабидал ва гьеб тIагIинабизе бокьиялъул хIакъалъулъ Рамазан ГIабдулатIиповас бицунелде гIинтIамидал, кколеб буго гьев Дагъистаналъе Аллагьасго витIун ватилилан. Гьелде тIаде дица гьадин жубалаан: «Рамазан ГIабдулатIипов вуго Дагъистаналъе Аллагьас кьурав халкъияв Президент»,-абун.

АхIмадудин-хIажица гьеб интервьюялда абулеб буго Рамазан ГIабдулатIиповасе Дагъистаналъул тIолабго халкъалъ кумек гьабизе кколин. Гьеб гьабичIолъи кколин Дагъистанги гьелъул халкъги бокьунгутIилъун ва гьелъул ургъел гьечIолъилъун.

Кинабха кумек букIине кколеб? ТIоцебесеб иргаялда, щивав ракIбацIцIадго хIалтIи, мекъал, хIарамал, обществоялъе заралиял ишал гьарулезда тIадрекъонгутIи гуребги, гьединазде гьедин бегьуларин абун, гьел кантIизари. Гьединаб пикру,гьединаб яхI-намус ва жавабчилъи, гIадатиял гIадамазулъ гуребги, нухмалъулезулъги букIине ккола.

Цо-цоял расниги нечечIого лъугьунел руго Р. ГIабдулатIипов хабар бицунев чи вуго, гьес бицунхъе хIалтIи гьабизе гьечIо ва кIвезе гьечIоян гаргадизе. Дир пикруялда, гьел руго Дагъистаналда добго гIадлу гьечIолъиги, добго коррупцияги ва добго цIогьодизе рес буголъиги цIунун хутIизе бокьарал, яги жидеего бокьун батичIониги, бокьулез агитация гьабизе тIамурал пикру мукъсанал гIадамал. Гьединазда гIинтIамизеги божизеги бегьуларо.

Пачалихъалъул гIарцал рикъуге, ришватал росугеян абулеб буго Р. ГIабдулатIиповас гьитIинавги кIудиявги чиновникасда бичIчIунедухъ. Президентасул гьеб тIалаб тIубазабуларел кканиги, обществоялъе цогидаб рахъалдасан зарал гьабулел кканиги, гьединазде хIакъаб рагIи абизеги, гьел къватIир чIвазаризеги ахIулел руго Президентас ракIбацIцIадал гIадамал.

Гьеле гьеб букIине буго Дагъистаналъул гIумру цIилъизабиялъеги ва гьеб лъикIлъизабиялъе Президентасе кумек гьабилъун.

Нижеца гьединалги живго Президент Р. ГIабдулатIиповги кидаго дугIадулъ кквезе ругиланги абун, разиго нижергун къо-мехги лъикI гьабун, ана ансадерил будун.

Ш. ЛАБАЗАНОВ.

РАМАЗАН ГIАБДУЛАТIИПОВАСДЕ

Зодор гучал накIкIал рикьизе гьарун,
Ракьалда речIчIараб багIар-бакъул чIор
ЧIунтарал, унтарал, турарал ракIал
Сахлъизе гьаризе витIарав доктор.

Дуде божи буго тIолго халкъалъул
Хасго къварилъабаз къвал банщинасул-
Ваццал чIван гIодулел гIолил ясазул ,
Васал чIван хутIарал херал улбузул.

ХIакимзабаз би цIцIун загIиплъаразул,
Залимзабаз кIвекIун тату хваразул,
Хирияб ракьалде рокьи бугезул,
Ракьалда ритIухълъи бокьанщиназул.

Зулму-хIал хIехьезе къуват гIечIого,
Рукъ тун ине ккарал гIолохъабазул.
Хъизан-рукъ хIебтIизе хIалтIи щвечIого,
Мискинлъиялъ къвал бан къварид ругезул.

Дуниял мукIураб гIакълудал бетIер
ГIалам буго гьанже духъ балагьун чIун.
Дуде бугеб божи загьир гьабизе
Кагъат-къаламалъул къуват гIоларо.

Къуларал бутIрулги рорхизе гьарун,
Халкъ буго хIадурго хIалай бахъине
Хъубал хIакимазул хIилла-макраби
ХIехьеларин абун гьедулел руго.

Квешаб гIамалалда гIумру аразул
ГIаксалда вагIзаби камулел гьечIо,
Нилъер коррупция къезе гьабулеб
Къуват букIунарин бицунеб буго.

Дур гIакъилаб калам коррупциялда
Каранда речIчIараб гуллалъун чIчIана,
Ришват-шапакъаталъ къадру борхарал,
Къулун гIодорегун гIодулел руго

ТIолго Дагъистаналъ дугIаги гьабун,
Дуй сахлъи кьегиян гьарулеб буго
Гьаб Дагъистаналъе гIадлу гьабизе
ГIабдулатIипов мун чIаго тагиян.

ГIабдулагь СагIдулаев, Тарумовск районалъул Юрковка росу

ДУН БОЖАРАВ ВУГО...

Лъабкъоялда хадур соназ учительлъунги школазул нухмалъулевлъунги хIалтIарав ва гьабсагIаталдаги Кьохъ гьоркьохъеб школалда учительлъун хIалтIулев вугев дир рекIелъан киданиги инчIо Дагъистаналъул къисматалъе гIоло ургъел.

Ахирал 15-20 соназ гьеб батIаго цIикIкIана. Щай гурого, республикаялда гIемерлъана гIадлу-низам хвеялъулги, такъсиразулги, щивав дагъистаниясе хIисаб гьабун пачалихъияб бюджеталдасан риччалел гIарцал рикъиялъулги, гьел жидерго хасал мурадазе хIалтIизариялъулги, коррупциялъулгихIужаби. Гьеб киналъго рачунел руго жахIда-хIусудаздеги, чIвай-хъвеялдеги, гIаммаб къагIидаялдайин абуни захIматаб, хIинкъараб ва язихъаб хIалалде.

Республика гьеб талихI къосиналде бачиналъе гIиллаялъул бицунев, чIегIералде чIегIерабин, хъахIалде хъахIабин абулев, яги абизе бокьулев нухмалъулев Дагъистаналъул ахирал соназда вукIинчIо.

Дагъистаналъул президентасул ишал тIуразаризе жив вачIарал тIоцересел къоязго гьелъул бицунев вуго Рамазан ГIабдулатIипов.

ЦIогьабазги коррупционеразги буго жакъасеб квешаб хIалалде Дагъистан бачараб.

Гьездасан гьеб бацIцIад гьаби ккола цIикIкIарасел дагъистаниязул гIумру лъикIлъизабиялъеги чIара-хьараб хIалалде рачIиналъеги бугеб аслияб нухилан абулеб буго Дагъистаналъул Президентас. Гьеб битIарабги буго. Гьеб рахъалъ гьесие кумек гьаби ккола щивав ракIбацIцIадав дагъистаниясул налъилъун. Гьесул рахъ кквезе ккола рагIудалъунги, ишалдалъунги ва вугеб бакIалда вацIцIадго хIалтIиялдалъунги, хапугаби къватIир чIвазариялдалъунги.

Дун божарав вуго гьезие нух къаялдалъун, Р. ГIабдулатIиповас гьел захIмалъабаздасанги ва чорокал ишаздасанги Дагъистан эркен гьабизе букIиналда.

Икъбалги, тавпикъги, сахлъиги, гIумруги кьейги гьесие ва Аллагьас цIунаравлъунги ватаги гьев!

ГIиса КЪУРБАНОВ, учитель, росу Кьохъ.

Гьидаят

№ 9
1434 с. Ражаб

4 Пророк о бедности

5 НАПУТ-СТВИЕ МОЛОДЫМ

6 Месяц Шаабан как подготовка к Рамадану

Молодежная исламская газета щибаб хъизамалда, рокъоб букIине

БАЛЪХЪАЛ УМУМУЗУЛ ГIАДАТАЗДЕ ТIАД РУССУНЕЛ РУГО

Гьаб соналъул май моцIрол ахирисеб рузманалдаса хадуб, Болъихъ росдал мажгиталъул имам ГIумарица лъазабуна, киналго нахъе инчIого лъалхъейила, хал гьабиялде кIвар бугеб суал босулеб бугилан.

Гьесул гьариялда рекъон имамасде аскIоре цере рахъана росдал мажгиталъул советалъул председатель, машгьурав гIалимчи АхIмадудин-хIажи ва Болъихъ росулъа исламияв гIалим, Хасавюрталъул цо мажгиталъул имам Ибрагьим-хIажи.

Росдал дибирас бицана хварав чи вукъиялда бан фаризаял ва суннатал жалазул ва гьезда рекъон умумузул рукIарал гIадатазул хIакъалъулъ.

-Нилъер умумуз, -ян абуна гьес,-чи хведал исламалда жанир гьечIел къагIидаби хIалтIизарулел рукIинчIо. Гьезул цояблъун ккола молода цебе хIайван хъвей ва гIадамал кваназари. Гьанжейин абуни, чи хвараб хъизаналъул бищунго цебесеб кIваралъулаб ишлъун кколеб буго, хварав вукъи гуреб, киса балагьунги, хIайван хъвей, гьелъул гьан цIеде ккезаби ва зиярараталъе рачIарал гIадамал кваназари. Гьеб ккола исламалъул тIалабазде данде кколареб гуребги, хварав чиясе кинаб бугониги мунпагIат гьечIеб, лъица ургъараб лъалареб пишакъагIида.

Исламалда жаниб бугеб ва нилъер авараг МухIаммадил (с.т.гI.в.) суннатлъун ккола чи хвараб хъизамалда 3 къоялъ кIкIуй баккунгутIи, гьеб заманалда гьеб хъизамалъе ва цересел гIадамазе квентIех гIагарлъиялъ, мадугьалзабаз ва гьудулгьалмагъзабаз бачIин.

Щай лъаларо, Аварагасул (с.т.гI.в.) гьеб берцинаб, лъикIаб, хварасеги чIагоязеги пайдаяб суннат рехун тун буго нилъеца. Гьеб лъикI гьечIо.

Гьединлъидал нужергун дандбалеб буго гьеб суннаталде рачIиналъул суал.

КIалъазе рахъарал АхIмадудин-хIажицаги ва Ибрагьим-хIажицаги бицана, молода цебе хIайванги хъун, гIадамал кваназари Исламалде данде кколарилан, гьеб бугила лъица букIаниги ургъун билъанхъизабураб, хваразе щибго пайдаги гьечIеб, чIагоязеги заралияб гIадат.

-БитIараб буго,-ян абуна гьез,-чи хвараб хъизамалда 3 къоялъ кIкIуй бакки Исламалда жанибги ва аварагасул (с.т.гI.в.) суннаталдаги гьечIеб жо буго.

Ибрагьим-хIажица абуна, чи хун хадусеб къоялъ, рукъалъул гIадамал хутIизегIан цогидал, гьездаго цадахъ гIагарал руччабиги, рукъоре ритIизе кколин.

Гьез лъикIаблъунги суннатаблъунги рикIкIана чи хвараб хъизамалъ, жакъа билъанхъизабулеб бугеб гIадат рехунги тун, аварагасул суннаталде рачIин.

Гьеб темаялдаса суалал кьолелги рукIана гIемерал.

Ш.ГIАЛИЕВ.

Мажгиталъур рукIарал гIемерисезул разилъиялдалъун къабул гьабураб

ХIУКМУ

1. ***Чи хвараб бакIалда 3 къоялъ гIагарлъиги тIаде рачIаралги кваназариялъе гIи-боцIи хъвей Исламалда гьечIеблъун рикIкIине.***

2. ***Чи хвараб 3 къоялъ гьеб рукъор ругезе квен-тIех гIагарлъиялъги, мадугьалзабазги, гьудул-гьалмагълъиялъги ва диналъул цогидал вацазги бачIине ккеялъул рахъалъ аварагасул (с.т. гI.в.) суннат тIубазабиялде росдал тIолалго гIадамал рачIин лъикIаблъун рикIкIине.***

3. ***Исламалда жаниб гьечIеб, хасго чи хведал 3 къоялда жаниб гIи-боцIи хъун гIадамал кваназари гIуцIараб бакIалде, хварав чи вукъизе гурони, цогидал тадбиразде росдал дибир ва жамагIат инчIого рукIине.***

ОБРАЩЕНИЕ

Врио президента РД Р. Абдулатипова в день вознесения Пророка Мухаммада (мир ему и благословение)

Врио президента РД Рамазан Гаджимурадович Абдулатипов обратился к дагестанскому народу в канун Исра ва ль-Мирадж – ночи вознесения Пророка Мухаммада (мир ему и благословение).

«Вот уже около двадцати лет на нашей земле не прекращаются взрывы и спецоперации, уносящие жизни наших соотечественников. Самое страшное, что всё это часто делается под знамёнами Ислама. Это кощунство, ибо Ислам – религия мира, имана и добра, а не войны», – отметил Абдулатипов.

По его словам, некоторые из тех, кто якобы борется за «чистоту Ислама» заняты убийствами и грабежами, что само по себе мерзко. Под прикрытием фанатиков действуют зачастую обыкновенные воры, бандиты, лицемеры.

Врио президента призвал всех совершать благое и остерегаться плохого. «Если мы будем следовать Корану и Сунне, повелевать благое и предостерегать от плохого, то сможем вместе очистить нашу родину от врагов народа, веры и прогресса», – сказал глава Дагестана.

Как отметил Абдулатипов, духовенство и руководство республики проводят огромную совместную работу по духовному оздоровлению общества. И эта работа, уверен он, поможет решить стоящие перед дагестанцами задачи и двигаться вперёд к созданию развитой и комфортной среды для каждого гражданина, для каждого дагестанца.

«Призываю вас всех молить Всевышнего Аллаха благословить все наши добрые намерения и идеи, направленные на достижение мира и благоденствия в Дагестане и в России», – заключил Р. Абдулатипов.

Суал-Жаваб

Дида рагIана какилъ алхIамалдаги аминалдаги гьоркьоб гьабизе бихьизабураб къокъаб дугIа бугилан. Лъазе бокьилаан гьеб дугIа.

Как балелъул, жинцаго, яги имамасда хадуб, ялъуни имамлъи гьабун балеб батани, батIалъи гьечIого, суннатаб буго алхIам цIалун лъугIарабго амин абилелде «Раббигъфир ли» абураб дугIа гьабизе.

Гьелъул хIакъалъулъ Хириясдасан хIасанаб иснадалдалъун бицараб хIадисги буго.

(«ГIумдатул Муфти валмустафти», 1 бутIа, 116 гьум. «Дарул Мингьаж»)

Пророк о бедности

Известно множество высказываний Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), касающихся оказания помощи бедным. При этом одним из необходимых условий подаяния является деликатность, стремление не задеть чувства личного достоинства. ***«Материальные вещи этого мира воистину притягательны. Как хорошо, когда ими обладает мусульманин! Самое главное, чтобы он помогал средствами бедным, сиротам и путникам!» (Муслим). «Нехорошее то застолье, куда пригласили только богатых и обошли вниманием бедных!»*** (Муслим).

«Мусульманин, который спешит на помощь вдовам и бедным, подобен муджахиду, сражающемуся на пути Аллаха, или праведнику, день и ночь совершающему поклонения и соблюдающему пост» (Бухари). Призывая мусульман помогать вдовам и бедным, Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) никогда не пренебрегал ими и старался проводить время в их обществе. ***«Настоящий мискин (бедный) не тот, кто ради двух кусков хлеба или нескольких штук фиников ходит от дома к дому. Истинный мискин тот, которому, хотя он и не может найти пропитания, никто ничего не подаёт (потому что никто не знает о его нуждах). И он сам ничего не просит»*** (Муслим, Закят, 102).

«Чем просить что-либо у людей, лучше всего обвязаться верёвкой и, собрав в горах дрова, продать их на рынке. Благодаря этому Аллах сохранит честь и достоинство» (Бухари, Закят, 50).

«Дающая рука гораздо лучше, чем берущая!» (Муслим, Закят, 106). Известно также, что Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) призывал бедных мусульман не унижаться и сохранять собственное достоинство.

– А что они такого сделали?

Однажды бедные переселенцы пожаловались Пророку (да благословит его Аллах и приветствует) на богатых:

– Они совершают те же намазы, что читаем мы. Они соблюдают те же посты, что соблюдаем мы. Но они ещё подают милостыню, а мы ничем не можем помочь людям. Они освобождают невольников, а мы не можем этого сделать. Тогда Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) сказал им:

– Рассказать ли вам о такой вещи, благодаря совершению которой вы достигнете тех, кто обошёл вас; обойдёте тех, кто идёт за вами; кроме тех, кто сделает то же самое и вы станете выше всех?

Они с готовностью воскликнули:

– Да, о Посланник Аллаха! Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) пояснил им следующее.

– После каждого обязательного намаза по тридцать три раза произнесите «***субханаллах», «альхамдулиллях» и «Аллаху Акбар».***

В этом вопросе красиво выразился благородный Умар (да будет доволен им Аллах): ***«И богатство, и бедность являются своеобразными средствами для передвижения. Поэтому для меня совершенно безразлично, на какое из них сесть!»***

То есть богатство и бедность подобны норовистой лошади, на которой сложно ездить. Пользование ими требует особой сноровки. Самое главное – это стараться быть искусным наездником.

Раз и богатство, и бедность являются следствием волеизъявления Господа, значит, каждый проходит жизненный экзамен. Самое главное – это не экзамен, а результаты. Нам остаётся лишь только старание и стремление достигнуть прекрасных результатов.

Среди молитв, которые часто читал Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует), можно встретить и такие:

«О Аллах! Я очень слаб — укрепи меня! Я унижен — возвысь меня! Я беден – надели пропитанием меня!» (Хаким, 1/708).

«Я прошу Аллаха оградить меня от несчастий, причиной которых является бедность!» (Насаи, Истиаза, 17).

Советуя молодому поколению остерегаться занятий попрошайничеством и всегда стремиться зарабатывать в поте лица кусок хлеба, Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) говорил следующее:

«Ни один человек на белом свете не ел более благодатной пищи, чем та, которую он заработал сам».

ШАГЬИДЗАБИ

ДагIваталъул нухда жал шагьидлъарал,
Гьаб дуниялги тун алжан босарал,
Сабруги къвакIиги жиделъ бергьарал
Ракьцоял вацазде даимаб салам.
БацIцIадаб дин-ислам кIодоги гьабун,
КIудиял хIалтIаби тIадеги росун,
Совет хIукуматалъ тIаде ракь хъвараб
ТавхIидалъул байрахъ кодой босарал.
САйидмухIаммадил бажари бергьун,
Байбихьараб хIалтIи тIубазабурал,
Даражаги борхун, ахиратги щун,
Щивасул цIар рехсон калам гьабизин.
Доб рузман къоялъул къаде заманалъ,
Къваридаб хабаралъ Дагъистан цIуна,
Муфтигун вацасе къадар щванилан
Къалбу пашманлъараб хабар бачIана.
КъурамухIаммадги хадусев вугин,
Бицун букIарабани божилароан,
Кинниги гьесие къор гъураб сордо,
Къойил цебе буго хирияб рузман.
ДагIваталъул макъам борхизабурав,
Босун камерагун кивего щварав,
Рамазан моцI щведал жив шагьидлъарав,
Алишаев ГIабдулагь – гьеле бахIарчи.
Исламалъул нухда черхги бичарав,
Къурбанлъун гьеб гьабун живги кIалъарав,
Лъалеб гIелмуялда гIамал гьабурав,
ТIагьаев АхIмадил талихI борчIана.
Исламалъул гьирги гьодида баччун,
Баччана дуцаги гIемераб захIмат.
Тушбабазул кверал керенги борлъун,
ЛъугIана Вакилил гIумрудул къоял.
Бавтугъай посёлок чIухIизабурав,
ЧIухIараб хвелги щун хабалъе арав,
ГьитIинамухIаммад – хIакъикъав гIалим,
ГIолохъанго чIвана чIвадарухъабаз.
Иляс-хIажил гIадаб хIеренаб гьумер,
ХIалихьат вачIиндал гьимун батила,
Радакь тIаде вахъун вирдазда вугев,
ГурхIичIев балай гьев гьав гIалимасда.
Шамилги Макъсудги – багьадурзаби,
Багьа жидер бугел магIарул васал,
СогIаб дунялалъ нуж мекъи рехичIо,
Хехаб хвелги бачIун ана ракьулъе.
Гъафуров МухIаммад – хIурматав инсан
Сабурги букIарав, дунялги тарав,
Тамашаяб калам жиндир букIарав,
КIудияв гIалимчи, баркула алжан.
Рехсезени цIарал гIемерал руго
ГIемерлъулеб букIун тезехъин буго,
Киналго нуж нижей хириял руго,
Хириязда цадахъ рахъинин руго.
Нижер хварал вацал хабалъги рукъун,
Хадуб щиб ккелебан балагьун руго,
Нижер щаклъи гьечIо – Аллагь цо вуго,
ХIукму-къадаралда ниж рази руго.

ТIелекьа МухIаммад

ИСЛАМСКИЕ НОВОСТИ

В Мекке открылся музей Пророка Мухаммада, мир ему и благословение.

Музей в священном для мусульман городе Мекке открыт для всех верующих. Это культурное мероприятие было организовано для того, чтобы рассказать людям о жизни Пророка Мухаммада, мир ему и благословение, и пролить свет на исторический период, в котором он проживал, сообщает TRTRussian.

В музее, оснащённом новейшими технологиями, представлено более 1 500 экспонатов, относящихся к тому периоду. Посетители получат информацию по различным темам: от военной до моментов из повседневной жизни Пророка Мухаммада, мир ему и благословение).

В Нидерландах вышла первая телепрограмма о красоте хиджаба

Голландская журналистка марокканского происхождения Самира аль-Кандуси в течение долгих лет изучала мусульманский хиджаб для нового определения роли и места мусульманской женщины, носящей хиджаб в её мусульманском и европейском окружении. Самира пыталась найти способ примирения исламского дресс-кода с желанием женщины быть исключительной.

В рамках новой телепрограммы Самира собирается совершить тур по различным странам исламского мира для поиска моделей взаимодействия и совместимости исламской одежды с современными веяниями моды именно в исламских странах, передаёт «Аль-Арабийя».

По словам журналистки, мусульманки как в Голландии, так и в других странах постоянно подвергаются нападкам из-за их хиджабов, и эти замечания оказывают существенное влияние на их мировоззрение. Однако мусульманские девушки не собираются снимать хиджаб и отказываться от своей личной свободы в одежде.

Первой остановкой Самиры в её путешествии по исламскому миру становится Египет, где журналистка встречается с проповедником и богословом Амр Халедом. Во второй части голландской программы Самира отправляется в Индонезию, где проходит первый в мире конкурс красоты для женщин в хиджабах.

Стоит отметить, что конкурс также вызвал волну негодования и критики со стороны мусульманских богословов и священнослужителей в странах Азии.

Суал-Жаваб

Дица дунго бетIергьанаб гIиялъажо цогидасдаса къурбаналъе хъвезе бегьулищ?

Цогидасдаса къурбан хъвезе бегьула гьесул изнуялдалъун. Ва гьев жиндаса къурбан хъурав чи гьелъул бетIергьанлъун вахъуна. Гьединлъидал, гьеб кванаэеги гьесул изну букIине ккола. Гьесул изнуги цIехечIого хъураб жо, гьесдаса хъвезе тIаде босараб букIун батани, хъурасдаса жиндасанго ккола, тIаде босун букIун батичIони къурбанлъунго кколаро. Амма лъимадул валияс, ай гьесул инсуца лъимадаса къурбан хъвезе бегьула гьелъул изну цIехечIого. Ва гьеб лъимер къурбаналъул бетIергьанлъунги бахъунаро, кванаэе гьелъул изнуги къваригIунаро.

(«ТухIфатул МухIтаж» ва «ХIаваши Ширваний»)

НАПУТСТВИЕ МОЛОДЫМ

О ушедшие в леса
Кто же вас туда направил?
Вы в пути, где нет конца,
Где беда висит над вами.

Без традиций, без отцов
Видно, вы росли ребята.
Как же вас назвать, юнцов,
Что не знают шариата?

Мир соблазнов и утех
Заставлял вас, а не голод
Впасть в зависимость от тех,
Кто показывал вам доллар.

Веру соблюдать легко,
Веры путь широк в Исламе.
Не мешает вам никто,
Право выбора – за вами.

Ты не дичь, а человек,
Обитать в лесу нет толка.
Нападай не на овец
Коль охотник, а на волка.

Доллар, что дают за риск,
Полон ложью и коварством.
И ему, хоть век лечись,
Никогда не быть лекарством.

Молодежь, свой острый ум
Не держи на расстоянье
Над огнем бывает дым,
Грех смывайте покаяньем.

Каждому грозит шайтан,
Нафс его одолевает.
Против этих сил восстань,
Только сильный побеждает.

В битвах пролитая кровь
Не рождает в сердце дружбу.
Только веру и любовь
Чтить и укреплять нам нужно.

Надо вместе в братстве жить,
Преодолевать ненастья
И оружие сложить –
Лишь тогда придет к нам
счастье.

Знайте: только лишь Аллах
Любит и спасти сумеет.
В деле, а не на словах
Силу Он Один имеет.

Верьте слову мудреца:
Следуйте пути Аллаха
И идите до конца -
Там найдете мир без страха.

Вам оружие вручив,
Принуждают вас к измене.
А к самим текут ручьи
Денег, к подлым бизнесменам.

Прибыль им война дает,
Вам же достаются пули
Поздно уж до вас дойдет
Что вас, глупых, обманули.

Проповедует Ислам
Со времен отца Адама:
Убивать людей – харам,
Вы же дети все Ислама.

И священный наш Коран
Повторяет мусульманам:
Братьев убивать – харам,
Отвернитесь от душманов.

Велено вам защищать
Веру, жизнь и состоянье.
Не отходите ни на шаг
От Аллаха указаний.

Если кто-то, впавши в грех,
Отойдет от Повелений,
Будет он несчастней всех -
В том нет никаких сомнений.

Умме щедрый даст Аллах
Ценный жемчуг всех дороже
Но потерпит умма крах,
Если сохранить не сможет.

Стережет нас Сатана,
Забирает слабых в вере.
Сатана тогда сильна,
Если ей открыты двери.

Ветер вырвет из земли
Древо, слабое корнями.
Сможет нас шайтан свалить,
Коль не будет веры с нами.

Кто преступный выбрал путь,
Шариату неугодный,
Тех сомнительно вернуть
Даже с помощью народа.

Кто не знает мудрых слов,
Их значения благого,
Болтовней своей готов
Общество лишить покоя.

Пусть святым зовется вор,
Путь неправедный ведь краток.
К небу вознесите взор,
Бойтесь! И любите братьев!

Не копите в душах зло,
В вас внедренное обманом
Будьте крепче! Вам дано
Быть опорою Ислама.

МУСУЛЬМАНКА

Посмотришь на нее, - она идет,
Глаза опущены, нет дерзости во взоре.
Она в себе достоинство несет,
Значительно и глубоко, как море.

Она красива добротой своей,
Терпением и закаленной верой.
Любовь к Аллаху затаилась в ней,
За приоткрытой и прозрачной дверью.

Она доверчива и искренне верна,
Она светла, и благородна с теми,
Кому Аллахом вера не дана,
Она любима, уважаемая всеми.

О, мусульманка, как ты хороша,
Когда идешь вот так неторопливо,
И к вере устремляется душа,
Когда поймешь, насколько ты красива...

ТАЖУДИН-АФАНДИ НАКЪЛУЛЪИДАЛ ХЪВАРАБ НАЗМУ

Дагъистаналъул тIарикъаталъул устарзаби Дагъистан тун къватIир ругел бусурбабазул улкабаздаги машгьурал руго. Гьезда гьоркьоб мустахIикъаб бакI ккола накъщубандиябги, шазалиябги, жазулиябги тIарикъаталъул устар Болъихъ районалъул ГIашали росулъа, Хасавюрталда гIумру гьабун вукIарав, жиндир шафагIат нилъее камугеяв, Тажудин устарас. ХIакъикъаталдаги гьев Мубарак, жиндир гIумруго гIибадаталъе кьурав, цо нухалъниги жиндихъ вачIарав чиясул рекIелъ гъваридаб нуралъул асар толев, киданиги кIочонареб сипат –сураталъул, хIеренаб, камилаб , сабураб, гIенеккарасда ургьибе унеб каламалъул, бергьараб лъаялъул гIалимчи вукIана. Гьединав вукIаниги, гьесул хIакъалъулъ хъвараб жо магIарул газет- журналалда цIакъго дагьаб гурони гьечIо. Гьесул цересел умумулги лъикIал гIалимзаби рукIун руго.

ХIатта гьесул гIумру халкъ дин- исламалде ахIулаго, квешабщиналдасан цIунунлъикIлъиялде цIалаго, халкъалда гьоркьоб маслихIат гьабулаго ун букIаниги, гьединав мустахIикъав гIалимчи, гьанжесеб гIелалда лъалев гьечIо.

Дида гьев мубарак лъикIго лъалаан, гьевгун чанго сапаралда цадахъги ккана. Нижер ЦIумада районалда, магIарухъги гIатIиракьалдаги ругел муридзаби, киналгоязде гIунтIун, гьесухъа вирд босарал рукIана. Хасавюрт мухъалда гьесул кIудияб къадру-къимат букIана.

Гьев накълулъидал хъварал рагIаби руго гьал.

Бисмиллагьги бахъун хъвалин алфазал,
Хадуб рецц гьабилин БетIергьанасе.
Цинги салат-салам Аварагасде,
Агьлу, асхIабзаби гIахьалги гьарун

Диналъул гъафу къан къварилъараб ракI,
Къокъаб марсияталъ чучилародай?
ГIаламалъулго бакъ ракьулъ букъидал,
Къараб анкьго талихI нахъ буссинадай?

Иман бугелщинал гIоде киналго,
ГIаламалъул къамар къаникье анин.
ХIабибасде ахIи бай, муридзаби,
ХIукъукъал тIуралев устар камунин.

Халкъ диналде ахIун хIалхьи лъаларев,
Лъуравин ракьалда, угьдулел нилъ тун.
Расуласул сияр суннатлъун ккурав,
Аравин Тажудин гIилиюналде.

ГIелмуги гIамалги рекъарав муршид,
БачIинаро заман дуда бер чIвараб.
Загьирги батIинги тIокIкIараб ралъад,
ХIухь бан гIорцIилелде гIодобе ана.

ЧIегIер бай тIарикъат, магIу лъе варагI,
Мунан гIодизе чи гьечIин ракьалда.
ГIаршгун курс зигарде, зикрудал гьаракь
КъотIанин ракьалда, ракьулъ мун индал.

Къуръан-хIадисалъул хIукъукъал ккурав,
ХIакъикъияв муршид кодоса ана.
Аварагасул шаргI шагьралъун ккурав,
Шайихазул къутIбу къаникь тIупана.

Халкъалъе нур щолеб шаргIалъул шагьру,
Щимали Кавказго духъ урхъун буго.
Дуе Аллагьасул къадар щваниги,
Нахъе хутIаразде балагь щун буго.

Расул хун СиддикъгIан къваридав дие,
Таважуг камилав кисандай муршид?
Дур файизалъ ккурал муридзабаца,
ТIаде балагь щвани, щибдай гьабилеб?

ТIарикъат баччараб чIалу бекиндал,
Ишкалал ритIизе лъихъе ортилел?
Къварилъи рештIиндал щвезе мун гьечIеб,
ЧIобогояб дунял гьанже щибизе?

Хасавюрт жамагIат, те мавлид ахIи,
Муршид гьоркьов гьечIеб, гьечIин берцинлъи.
Хатму – зикруялъул хIузур щвеладай,
Щуюхазул эмен аскIов гьечIони?

Гьабун вагIзаялъул пайда букIинищ,
БидгIаби гъурулеб гъалбацI къанщидал,
Агьлу- суннаталъул сси борхиладай,
Сиддикъил ирсилас дуниял тедал?

Барзахалда хвел щун мун вохханиги,
Хабаде зиярат захIмалъун буго,
ГIащикъал бераца магIу тIуниги,
ТIокIав вихьиялда хьул къотIун буго.

НухIил тIупаналда бащадаб балагь,
Щун бугин халкъалде хирияв Устар.
Халкъул гIаламалъе нур щолеб чирахъ,
Чара бухIун бугин муридзабазул.

Чан дун гIадинасул биццалъараб ракI,
Цо дур балагьиялъ хIеккун батилеб.
Мунагьал гIемераб чан нафсалъедай,
Цо дур таважугьалъ асар гьабураб?

Дур гIелму щущараб ГIанди мухъалда,
ГIадамазе вагIза лъица гьабилеб?
ГIашали баккараб къадги канаб моцI,
Костекалда тIерхьун, къварилъула ракI.

Дагъистаналъего хIинкъи цIикIкIиндал,
Хасавюрталдаги харил махI чIвайдал,
Дур гIакълу цIехана ГIумахановас,
Малълъараб босана Салгерейилас.

Гьаб батIулаб рокъов рекъеларилан,
Накълулъун ватила Тажудин шайих,
Панаяб дуниял дур бакI гурилан,
АхIун ватила мун фирдавусалде.

Алжаналда ругел хIурулгIинзаби,
ХIадурлъун ратила мун вачIинелде.
Барзахалде арал асхIабзабаца,
АхIун чи вачIунищ мун гIедегIарав?

Камалал тIубарав, тIагIат гIемерав,
ТIагьаясул суннат цIунун хьвадарав,
ШаргIалда батухъе тIарикъат ккурав,
ХIусен Афандиги хIалхьун ватила.

Къираат камилав, кашфу загьирав,
Куллу гIаламалъе баракат щварав,
ХIумайд-Афандиги –Гьандихъа устар,
Гьикъаризе данде вахьун ватила.

ХIукму - фатваялъе тIаса вищарав,
ТIолго гIалимзаби жиндий мукIурав,
ГIабдурахIман хIажи- ГIасавиявги,
Мунги вачIанилан рази ватила.

НасихIат гIемерав, гIамал берцинав,
ГIадамазда жаниб машгьурлъи тIокIав,
ХIабибуллагьасул вацIцIадав загьид,
КъахIиса ХIасанги аскIов ватила.

ХIабибасул наиб- рухIазул эмен,
Духъ щвезе кватIиялъ гIеккола керен.
Кидаго вукIинин ракIалдеги ккун,
Дирго къадарлъиялъ къорица ккуна.

Дуцаги гъоркь танин, квер лъица чIвалеб,
Мунагьал гIемерав дун гъаримасда?
Мунни алжаналда хIалхьон ватила,
ХIал щибдай букIина дун пакъирасул?!

СайгидахIмад АхIмаднабиев,
Хасавюрт район, ЦIияб Сасикь росу



Месяц Шаабан как подготовка к Рамадану

Хвала Аллаху, Господу миров, мир и благословение Его Пророку и Посланнику, его семье, сподвижникам и всем, кто последовал за ними вплоть до Судного Дня.

Месяц раджаб прошёл незаметно, и вот мы в преддверии рамадана. И чтобы не упустить то благо, которое он в себе заключает, необходимо готовиться к нему. Если человек готовится к встречи важных гостей, к длительной поездке, к важным событиям, то мусульманин также должен готовиться к благословенному месяцу, особенно потому что все мы замечаем быстротечность времени так, что год проходит как один месяц, месяц как неделя, неделя как день, день как час.

И это требует от нас больших усилий в требовании знаний и совершении благих дел, использование удобного случая в благословенные периоды времени во всём, что приближает нас к довольству Аллаха, пока не настанет «тот День, когда ни богатство, ни сыновья не принесут пользы никому, кроме тех, которые предстанут перед Аллахом с непорочным сердцем» (26:89).

Наступил шаабан, месяц между раджабом и рамаданом, о котором многие люди забывают. В этом месяце дела поднимаются к Господу миров, и поэтому Пророк любил много поститься в нём. От Усамы ибн Зейда передаётся, что он однажды спросил Пророка, да благословит Его Аллах и приветствует: «О Посланник Аллаха, я не видел, чтобы ты когда-нибудь постился так, как в Шаабане». Он ответил: «Люди забывают об этом месяце в промежутке между раджабом и рамаданом. В этом месяце деяния возносятся к Господу Миров, и мне хочется, чтобы мои деяния были вознесены, когда я пощусь». (Передал ан-Насаи, шейх Альбани назвал его достоверным). Представьте, все ваши дела за год в этот месяц представят Аллаху, знающему явное и сокровенное! «К Нему возносится прекрасное слово, а доброе дело возносит его»(35:10). Чем же ты завершишь этот год? Как ты желаешь, чтобы твои дела были вознесены к Нему, и ты в этот момент пребываешь в подчинении своему Покровителю, твёрдо держась за Его религию, с искренностью и усердием выполняя благие дела, жертвуя собой? Или ты в этот момент в беспечности и наслаждении, расслаблен, ни о чём не заботясь и ничем не жертвуя, сидишь, занимаясь своими повседневными делами? Задумайся над этим, дорогой брат, и поспеши совершать благие дела до того, как они будут вознесены к твоему Покровителю.

В этом хадисе мы видим прекрасный нрав Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) и его скромность перед Аллахом. Он желал, чтобы Аллах видел его постящимся. И это должно больше всего волновать тебя, о мой брат мусульманин — чтобы ты стеснялся от взгляда Аллаха на тебя. Постесняйся представлять Аллаху свои дела, полные упущений и небрежно выполненные. Как говорили праведные предшественники: «Либо ты будешь совершать молитву, соответствующую Величию Всеблагого Аллаха, либо возьми себе божество, подходящее твоей молитвы».

Постесняйся того времени, которое ты провёл не в поминании Аллаха, постесняйся дел, которые ты выполнял не в услужении Его религии и призыве к ней. Постесняйся того пыла и усердия, энергии и возможностей, которые ты потратил не для помощи Его религии и возвеличивания Его Шариата. Постесняйся того имущества и благ, которые ты пожалел для призыва к Аллаху. Постесняйся всего того, что записали ангелы в твою книгу дел из нерадений и упущений. Всё это требует того, чтобы ты стеснялся Аллаха и страшился Его.

Шаабан называют месяцем полива. Сказал Абу Бакр аль-Бальхы: «Раджаб — месяц посева, шаабан — месяц полива, рамадан — месяц сбора урожая». Кто не посеял в раджаб, не поливал в шаабан, как же он может желать сбора урожая в рамадан? Праведные предшественники говорили, что шаабан — это месяц чтения Корана. Амру ибн Кайс аль-Муляи при наступлении шаабана закрывал свой магазин и посвящал себя чтению Корана. Поспеши же, брат, посеять и полить перед наступления сезона сбора урожая.

Итак, дорогой брат-мусульманин, как мы можем подготовиться к рамадану в этот месяц?

Первое: это искреннее покаяние (тауба) от всех грехов, раскаяние, оставление всех ослушаний и обращение к Аллаху.

Второе: стараться больше поститься в этот месяц, например: либо пост полностью в первую половину шаабана, либо пост по понедельникам и четвергам, а так же 13, 14, 15 дни.

Третье: начни с сегодняшней ночи выстаивание добровольной молитвы тахаджуд, хотя бы два ракаата перед фаджром, постепенно увеличивая число ракаатов.

Четвёртое: начни жить под сенью Корана, усердствуй, чтобы каждый день прочитывать минимум один джуз с размышлениями над аятами. А также повтори суры, которые ты выучил, чтобы читать их в ночных молитвах.

Пятое: увеличь дуа, приучи себя постоянно просить Аллаха в мольбе. Часто повторяй: «Аллахумма, баллигна рамадан» (О Аллах, дай нам достигнуть рамадана). Используй времена, когда дуа всегда принимается, как между азаном и икаматом, в последнюю треть ночи, во время дождя и др.

Шестое: постоянно поминай Аллаха (зикр), будь обязателен в произнесении утренних и вечерних азкаров (см. «Крепость мусульманина»), а также зикров перед сном, при одевании и выходе из дома и др. Пусть твой язык будет влажным от поминаний Аллаха!

Седьмое: старайся совершать все обязательные молитвы в джамаате, не просыпать фаджр. Оберегай свои молитвы и совершай их со смирением, подобающим образом, ведь это первое, о чём спросят в Судный день.

Восьмое: пересмотри и изучи вопросы, касающиеся поста, в книгах по фикху и фатвах учёных, и если есть непонятные моменты, выясни их сейчас. А также начни читать тафсир Корана, например ас-Саади, хотя бы несколько страниц в день.

Девятое: начни призывать свою семью, родственников и окружающих к Аллаху, будь напоминающим и примером для них во всем. Подготовь подарки для близких, чтобы вручить им в рамадан для смягчения и склонения их сердец к Исламу.

Это немногое из того, что облегчил нам Аллах для доведения до наших дорогих братьев и сестёр. И мы призываем прежде всего самих себя, а затем и вас к соревнованию в благих делах. «Стремитесь (спешите) к прощению вашего Господа и Раю, ширина которого равна небесам и земле, уготованному для богобоязненных» (3:133).

Просим у Аллаха дать нам достигнуть рамадана, умножить наши благие дела и отстраниться от запретного, чтобы Он простил наши грехи и упущения, освободил от Огня и ввёл в число Его праведных рабов вместе с пророками, Шахидами и правдивцами. Аминь!

ДЕНЬ ИЛИ НОЧЬ?

Спросили шейха ибн Хаджара Аль-Хайтами, да будет милостив к нему Аллах : «Что лучше, день или ночь?» На что он ответил (следующее): «Ночь лучше, так как это время для отдыха, а отдых от рая. День – это труд, а труд из ада. Также из-за ночи Ляйлят аль-Кадр, которая лучше тысячи месяцев. Среди знаменательных дней мы не найдём ничего подобного. Также в Коране есть сура под названием «Ночь». В большинстве аятов сначала упоминается ночь, а затем день».

ГЬАБЕ ХЬВАДА-ЧІВАДИ БЕРЦИНАБ

Щибаб къоялъ, радал тІаде вахъунелъул, жакъасеб къо дир ахирисеб букІунеб-букІунареб лъалароян чияс пикру гьабулебани, нилъер щивасул рекІелъе кигІан цІикІкІун яхІ-имандай тІинкІизе букІараб. Амма къанагІатго гурони ракІалде щоларо нилъер гІемерисезда хвалил пикраби, ракІчІун рукІуна нилъерго даимлъиялда, кІодолъиялда. Иманги, намусги, яхІги дагьлъиялъин жакъасел гІоркьилал, дунял гІоларого, сверухъ вугев гьитІинавги кІудиявги. унтаравги загІипавги вихьуларого, гІергІедулел, бубудулел рукІунел. Гьединазул чорхолъ хутІун букІунаро рухІияб рацІалъиялъул, бечелъиялъул къатІрагицин.

Жакъа гІарцухъ, американазул гІурччинал кагътазухъ цоцо гьединал чагІаз гьабизехъин буго бокьараб нахъегІанаб, обществоялъеги гІадамазеги заралияб иш, инехъин руго хІатта чи чІваялдецин.

ТІабигІияб рахъалъ инсан вижун вуго вацІцІадавлъун, талихІавлъун вукІине киналго ресалгун. Максим Горькияс церего инсанасул хІакъалъулъ абун рукІарал рагІаби жакъаги такрар гьаризе мустахІикъал руго - «Человек звучит гордо…», амма цо гьитІинабго тІадежубайгун-» но поступает подло»,-ян.

Эбел-инсуца гьитІинго куцарал, кинабго рахъалъ тарбия кьурал лъималаз эбел-инсул нух босула. КъанагІат рукІуна гьезда гьоркьор мекъи ккарал яги къосарал. Нужеца хал гьабе: гьитІинго диналда тІадчІарал. вирд босарал яги бацІцІадаб тІагІаталда ругел лъималаз гьабуларо такъсир,кколаро гьоркьоблъи квешал чагІазулгун, букІунаро гьезул гьетІи гьекъелмехтелалде. Какги, динги, гІадлуги, сабруги!

Гьанжесеб гІелалъе тарбия кьолев чигІаги щивдай вугев -цо хьагинир релъарал хинкІалгІанги релълъарал ругин цоцада. Кино, концерт, сотовый телефон, интернет, сардил заведенияби, хъалиян, гІаракъи-чагъир ва гь.ц. Васал батІалъи гьечІо, ясал батІалъи гьечІо.

Бечелъи, ццулъи, хІалихьалъи жакъа модаялда буго, намус. гІаданлъи, сабру рогьоялде сверун буго. «Шустрикал» тахида руго.

Цо гІакъиласул руго гьадинал рагІаби: «Бывают женщины красивые, бывают женщины добрые»,-ян. Куц -мухъ Аллагьас кьураб букІуна, тонна пудраялъул бахананиги. ГІамал, йикІа-яхъин берцин гьабизе хІаракат бахъизе ккола чІужугІаданалъ.

ЧІужугІадан лъикІлъани, обществоги лъикІлъула.

Бихьинчиясе кьураб гІакълу цо чиясе кьурабила, чІужугІаданалъе кьураб гІаламалъего кьурабилан аби буго.

Дур гІакълуялда бараб буго, чІужугІадан, гьаб гІолеб гІелалъул гІамал-хасият.

Дуда кІола лъимал хвасар гьаризе чороклъиялдасаги, лъавукълъиялдасаги, квешлъиялдасаги.

П. ДИБИРОВА.

РАЙОНАЛЪ 80 СОН ТIУБАЯЛДА ХУРХУН

ГЪАВ ХIАЛТIАНА РАКIБАЦIЦIАДГО

Авал1-себ.гьум.

Гьедин хIалтIулев вукIадго 1963 -1964 соназда захIматалъул мухь гIемерго борхана масала.

КолхозчагIазул цо захIматкъоялъе щолаан 5 килограмм ролъулги, 3 килограмм цIоросаролъулги ва 1,20 гъурущги. КIудияб туркIи ккун бук1ана колхозалъул магIишатиял объектал- гIи-боцIуе фермаби, гьезул хIалтIухъабазе рукъзал раялъулъги.

Гъутаналда бекьулеб ракьул къадар цIикIкIинабиялъе агротехникиял хIалтIаби гьариялъул хIасилалда гIезегIанго щулалъана ва цебетIуна колхозалъул экономика 3 азаргоялдасан 3500-ялде бахана г1иял къадар, 50-ялъ цIикIкIинабун, 200-ялде бахинабуна речIчIулел гIачиязул къадар. ГIачияздаса гьоркьохъеб къадаралда рахь бечIчIиялъул ва гIиядасан квас къунцIиялъул рахъалъ колхоз цебесеб кьерде бачIана…

Гьединал хIасилал кколел ругониги, Анварбег цIидаса вачуна добго КПССалъул райкомалде.

БатIи-батIиял ишазда гьенив хIалтIулев вукIарав гьев ,1967 соналда партиялъул обкомалдеги ахIун гьелъул бюроялъ тасдикъ гьавула Балъгояб секретариаталъул заведующийлъун. Гьелъие квербакъилъун ккун буго партиялъул райкомалда хIалтIулаго гьесул гьелъие бугеб махщел, хIаракатчилъи ва ракIбацIцIалъи.

Гьеб секретариатлъул хъаравуллъиялда букIун буго жибго обкомалъулги, районазулгун шагьаразулги партиялъулал комитетазда документал гIуцIиялъул иш. Секретариаталъул хIалтIул хал гьабизе гIицIго партиялъул ЦКялъул гурони ихтияр букIун гьечIо.

ХIалтIулъ бихьизабулеб букIараб жавабчилъиялдеги рацIцIалъиялдеги балагьун, партиялъул обкомалъул бюроялъ Анварбег ХIажимухIамадовасда тIадкъана аслияб хIалтIуда цадахъ къватIисел пачалихъазде хIалтIизе яги хIухьбахъиялъе гIадамал ритIиялъул хасаб комиссиялъул жавабияв секретарьлъиги. Гьедин унел аза-азар чагIазул щивасул документазул киналго рахъазулаб хал гьаби гуребги, протоколал гьаризе кколаан комиссиялъ Гьеб комиссиялъул хIалтIуе чамго нухалъ лъикIаб къимат кьуна КПССалъул ЦКялъул инспекторлъиялъулаб хал гьабизе рачIараз.

25 соналъ партиялъул обкомалъул жавабияб ишалда хIалтIулаго чан чиясе, батIаго районцоясе батIи-батIияб кумек щвараб Анварбегидасан, чамас гьесие кьураб баркала, чамас гьарараб сахлъи…

Гьеб ишалдасан мустахIикъаб къагIидаялда пенсиялде арав А. ХIажимухIамадов гьоркьоб заманго инчIого восула Республикаялъул медцентралъул кадрабазул отделалъул начальниклъун. Гьедин 10 соналъ хIалтIана, гIаданлъиялъулги, жавабчилъиялъулги, Гиппократил гьаялъе ритIухълъиялъулги рахъалъ борхалъуда вугев инсан, гьеб централъул руководитель Ибрагьим Ибрагьимовасул нухмалъиялда гъоркь.

-ГIумруялъул гIемерал рахъазул, батIаго ритIухълъиялъул рахъалъ гIезегIан кантIиял щвана дие, Ибрагьим Ибрагьимовгун цадахъ хIалтIулаго,-ян разиго абуна Анварбегица. Гьенибги щолаан Анварбегидасан кумек районцоязе.

2003 соналдаса нахъе хIалхьуда вугев Анварбег жеги жаналда вуго ва хIадурго вукIуна хIажатазе кумек гьабизе. Замазаманалдаса щола инсул росулъе, дандчIвала росдал чIахIиял ва гIисинал гIелалгун ва гьезулгун ккола насихIатлъиялъулал гарачIвариял.

-Гьадин цIунун хутIиялъе дун налъулав вуго дирго чIужу Кусумие, гьелъул тIалабагъазалъе,-ян разиго велъана гьев.2007 соналда ниж кIиязго цадахъ борхана хIежги

Гьейгун цадахъ Анварбегица гIаданлъиялъулаб тарбияги кьун гIезаруна лъималги. Киназего щвана тIадегIанаб лъай. Васал ХIажимухIамадги Арсенги хIалтIулел руго батIи-батIиял жавабиял ишазда, яс ПатIимат–тохтур-психотерапевт-медучреждениялъул отделениялъул заведующая, Румият-госимуществалъул бетIерай бухгалтер.

Гьездасанги, нусабаздасанги, гьезул лъималаздасанги разиго ва рохун рукIунел руго Анварбегги Кусумги. Аллагьас рохун тейги гьел кидаго!

КIочон хутIулеб букIун буго: А. ХIажимухIамадовасе гIемерсоназулаб ракIбацIцIадаб хIалтIуе гIоло кьурал пачалихъалъул тIадегIанал шапакъатал гIезегIан руго. Амма бищунго тIадегIанаб шапакъатлъун гьес рикIкIунеб буго ракIбацIцIадго хIалтIулаго, гIадамазе кIвараб кумек гьабулаго, хъизан-агьлуялъе лъай-гIакълу ва гIаданлъиялъулаб рухIалда тарбия кьолаго араб гIумру.

Гьеб кIудияб хъизамалъулги росдал гIун бачIунеб гIелалъулги гIакълучилъунги насихIатчилъунги вукIине сахлъиги гIемерсоназулаб гIумруги кьеги дуе, Анварбег!

Ш. ЛАБАЗАНОВ.

САХЛЪИЯЛЪУЛ БОКIОН

ПОЛИОМИЕЛИТ-ХIИНКЪИ ЦIИКIКIАРАБ УНТИ

Гьеб ккола гьаваялдалъунги лъедалъунги ва цогидаб къагIидаялдалъунги инсанасул чорхолъе лъугьунеб вирусалъулаб инфекция. Гьелъ унтула чIахIиялги, амма цIикIкIун-3 соналде щвезегIан мех бугел жидее жиндир заманалда полиомиелиталде данде прививкаби гьаричIел лъималги.

ГIадат хIисабалда гьеб унти байбихьула чорхол цIа (температура) борхиялдасан, чорхол тату гьечIолъиялдасан, кванде къасд тIагIиналдасан, хIухьлал тIасиял мащабазул воспалениялдасан, чехь унтиялдасан, лагIизариялдасан, бохдузулги гъуждузулги ва тIолабго чорхолги ччорбал параличалъ кквезеги бегьиялдасан. ГIемерисел гьелъ рачуна инвалидлъиялде. Унти ине бегьула гIаламатал гьечIогоги. Унтиялъул тIоцересел гIаламатал загьирлъарабго рокъове ахIизе ккола тохтур. Унтарав, цогидаздасан ватIа гьавиялъеги, дару гьабун, унти захIмалъизе биччангутIиялъеги вегизавизе ккола.

Гьеб унтиялдасан цIуниялъе гIумруялъул соназде дандкколарелги гьаризе ккола гьелде дандечIчIеялъулал прививкаби. Гьел гьаризе кколеб заман чIезабун буго РФялъул Сахлъи цIуниялъул министерствоялъул буюрухъалдалъун. Лъималазе гьел гьарула тIадаб къагIидаялда: лъабго моцI бараб лъимералъе 3 нухалъ лъебе-лъебер къо гьоркьоб тун. Хадубккун гьеб лъимералъе гьабизе ккола 3 нухалъ вакцина. ТIоцебесеб-18 моцI лъугIиндал, кIиабилеб-24 моцI лъугIиндал, лъабабилеб-6 сон байдал.

Сахлъи цIуниялъул халкъазда гьоркьосеб организациялъ дунялалъулго улкаби ахIун руго полиомиелит тIагIинабизе. Гьеб мурадалде щвезе ккани цо лъимер гьоркьоб течIого гьаризе ккола полиомиелиталде данде прививкаби.

Гьел чIобого гьарула тIадаб къагIидаялда районалъул поликлиникаялда ва лъималазул ясли-ахазда.

ХIурматиял эбел-эмен, нужер лъимал полиомиелиталъ унтиялдасан ва гьелъул захIматал хIасилаздасан цIунизе кIола гIицIго тIадехун рехсарал прививкабазда.

ЦIуне нужерго лъималазул сахлъи!

М. ТАЙМАСХАНОВ,
ДРялда бугеб
Роспотребнадзоралъул
управлениялъул Болъихъ
бугеб ТОялъул начальник.

ТАМАХЬУ ЦIЦIАЙ ККОЛА ГIУМРУ КЪОКЪ ГЬАБИЛЪУН

ГIадамазул, хасго гIолохъаназул хвел дагьлъиялде бугеб нух захIматаб гьечIо. Гьеб ккола тамахьо цIай дагь гьаби, яги тIубанго рехун тей. Нилъер улкаялда щибаб лъагIалида жанив 500 азаргоялдасаги цIикIкIун чи хола тамхьида хурхарал унтабаздалъун. Танхьидасан холел гIадамал цIикIкIунел руго гьакълидасан, чIвайхъвеялдасан, машинабазул аварияздаса холезде дандеккун. Тамахьу бухIулезул гьуъруз ракалдалъун унтула, гьеб бухIулезде дандеккун 10 нухалъ цIикIкIун. Гьездасан гIицIго танхьидасан унтаразул къадар бахуна 90 процентал де.

ГIадат хIисабалда инсанас тамахьо бухIизе байбихьула гIолохъанлъиялдаго, цо-цоязин абуни- лъимерлъиялдаго, гьеб цIакъго хIинкъараб буго. Гьеб заманалда ургъелго букIунаро гьелъул балагьалъулал хIасилазул, щиб букIинеб къоялда жаниб 2-3 сигарет бухIиялъулян рукIуна гьел. МухIканго чIезабун буго гьуъруздa рак унти бакки бараб букIин цIцIарал папиросазул къадаралда. 30 соналда жаниб инсанас бухIулеб буго 160 килограмм танхьил, гьеб ккола 800 грамм никотин. Гьелъул 0,16 гр. инсанасул чорхолъе биччани гьев хола. Хасго хIинкъараб буго сигарет цIцIай, папиросалде дандеккун.

Гьуърузда гуребги тамхьица рак унти баккизабула кIорщол къвачIаялда, кIалдиб, мукъулукъалда, ва рисиялда.

Танхьил кIкIуялъулъ рукIуна гIемерал канцерогенал ва цогидалги химиялъулал веществаби. Гьел гьуърузухъан уна бидулъе ва цIикIкIараб къадаралда гьел ратула сигаретал цIцIалезул кIорщолъ. Тамхьил цо килограммалъулъ букIуна 70 мл. дегтя, гьеб лъалхъула бронхазда (хIухьлал марщазда). 10 сонида жаниб сигарет цIцIалез жидерго бронхазулъе биччала тамхьил дегтялъул 8 литр.

Гьединлъидал гьуърузде рак унти бакки бараб буго цIцIан рехарал сигаретазул къадаралдаги, тамхьил сорталдаги ва гьелъул качествалдаги.

БатIаго цIикIкIараб буго тамахьу цIцIаялъул зарал, гьезда сверухъ рукIунел гIадамазе. Гьеб батIаго цIикIкIун заралияб буго тамахьу цIцIалезда сверухъ рукIунел лъималазе. Гьезулъ цIикIкIуна хадусеб заманалда гьуърузда рак баккиялъе бронхазулаб асмаялъ унтиялъе бугеб хIинкъи (риск)

Ахираб заманалда захIмалъаби раккулел руго руччабаз тамахьу цIалеб букIиналъги. Гьезул чорхолъ гормоналияб обменалъулъ хиса-баси ккейги, как хутIиялъул низам биххиги ва ахиралда гьел руччабазда рак баккиги ккола тамахьу бухIиялъул хIасиллъун.

ТIолабго дунялалъулго захIмалъилъун лъугьун буго тамахьу цIцIаялъул иш. Сахлъи цIуниялъул халкъазда гьоркьосеб гIуцIиялъ лъикIаблъун бихьизабун буго щибаб лъагIалида жаниб тIобитIизе «Танхьил кIкIуялъул къо». Гьеб къоялда захIматалъулал коллективаздаги цIалул учрежденияздаги тамахьу цIцIаялъул заралалъул хIакъалъулъ цIаларал лекциябаздаги хадуб 10 чиясгIаги тамхьидасан инкар гьабунани, ракIчIун абизе кIола ракалъ унтиялъул цо хIужаялдасан цIунанин.

Ургъе нужерго сахлъияла, нужер кIкIуялъ унтизарулел нужерго рукъалъул гIадамазул хасго лъималазул сахлъияла тIад.

Аллагьас кьейги къуват ва инсанасулаб яхI-намус тамахьу бухIи гIадаб хIинкъи цIикIкIараб пишаялдасан инкар гьабизе!

Республикаялъулаб
онкокабинет.

ГЬУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:

Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

Учредители:

Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

БетIерав редактор

ГI. ГIумаханов

Редакторасул заместитель

А. Агъларов

Отделалъул редакторал

Ш. Лабазанов

П. Чупалаева

Мухбирзаби

П. Дибирова

Ш. Хаджаров

Фотокорр.

Ш. МуртазагIалиев

Наборщица

П. Эльдарова

Верстальщица

А. Назирбекова

Программист

А. Ибрагьимова

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.

Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Тираж 1500

Наш эл. адрес druzhba555@mail.ru

колонка прокурора

МАТЕРЯМ, УВОЛЕННЫМ В ПЕРИОД ОТПУСКА ПО БЕРЕМЕННОСТИ И РОДАМ, УВЕЛИЧИЛИ ПОСОБИЕ ПО УХОДУ ЗА РЕБЕНКОМ

В действующий Федеральный закон «О государственных пособиях гражданам, имеющим детей» 7 мая текущего года внесены изменения.

Поправки касаются выплаты ежемесячного пособия по уходу за ребенком матерям, уволенным в период отпуска по беременности и родам.

Женщинам, уволенным в период отпуска по уходу за ребенком в связи с ликвидацией (прекращением деятельности) работодателя, ежемесячное пособие по уходу за ребенком до 1,5 лет выплачивается в размере 40% среднего заработка по месту работы. Однако, если увольнение по тому же основанию имело место в период отпуска по беременности и родам, размер названного пособия ранее был минимальным (1,5 тыс. руб. по уходу за первым ребенком, 3 тыс. руб. - за вторым и последующими детьми).

Конституционный Суд РФ счёл необоснованной такую дифференциацию размеров пособий в зависимости от периода увольнения женщины с работы, поскольку женщины, увольняемые в период отпуска как по беременности и родам, так и по уходу за ребенком, фактически оказываются в одинаковой ситуации. Ликвидация работодателя не связана с их действиями, волей или желанием. Они в равной мере нуждаются в материальной поддержке на период до достижения ребенком 1,5 лет.

Поправки устраняют данное неравенство. Установлен одинаковый размер ежемесячного пособия по уходу за ребенком (40% среднего заработка) матерям, уволенным в период отпуска как по беременности и родам, так и по уходу за ребенком.

Д. Джабраилов,
заместитель прокурора района

Ниж гIадин Аллагьги разилъаги

Ахирисеб цIумур кьабиялъул тадбир лъугIидал, гIурул рагIалда бугеб карудул гъотIодасан кару кваназе къасд лъуна гъоркь Инхело росулъа 10-11 сон гIумрудул барав чанго васасул. Гьединаб нигатгун ана гьел гIурухъеги. Кару кванан гIорцIидал, гьезда ракIалде ккун буго гIурулъ чвердезе. РоцIараб къоялъ лъел лазат босулаго, цIараб къо тIадеги щун, тохлъукьего ХIажиев МухIамадил вас АхIмад гIоралъ восун ун вуго.

Гьеб къваридаб лъугьа-бахъин ккана 24 маялъ бакъанил гIужалда. Лъималазул ахIихIуралъ хехго тIибитIана гьеб хабар росулъги аскIор ругел росабалъги. Жидерго хIалтIабиги рехун тун, ракIарана Кванхидалъ, Инхело, Муни росулъа гIолохъаби.Гьезул хIаракаталдалъун ва хIалхьи лъазе течIого гьабураб хIалтIул хIасилалдалъун, маркIачIул гIужалда кодобе щвана АхIмадил жаназа.

Къварилъи ккараб бакIалда рахъунги чIарал, тIаде бачIараб къо борхизе хIалаеги ратарал, лъабабго росдал гIолохъабазе ракIракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго ХIажиев МухIамадил хъизаналъ.

Инсанасе гIумрудулъ бищун захIматаб къоялъ аскIор ратарал, ургъел бикьизе хьолбохъ чIарал нужедасан, ниж гIадин, Аллагьги разилъаги.

спорт- спорт-спорт

БАХIАРЧИЯСУЛ ПРИЗАЛЪЕ ГIОЛО

17 маялъ сагIат анцIила цоялда ДЮСШ ялъул спортзалалда тIобитIана Россиялъул БахIарчи ДибирхIажи МухIамадовасул призалъе гIоло васазул командабаздагьоркьоб волейболалъул рахъалъ республикаялъулаб турнир. Турниралде рачIун рукIана лъикIаздасан лъикIал командаби. Болъихъ, ЦIумада, Шамиль, Хунзахъ, Гумбет районазул волейболистал. Къецал рукIана кутакалдасан хIалуцарал. БетIерав судьялъун вукIана М. МухIамадов

Щуго командаялда тIад ракIчIараб бергьенлъи босана Шамиль районалъул волейболистаз, кIиабилеб бакI босана Болъихъ районалъул командаялъ, лъабабилеб бакIалде бачIана Хунзахъ район.

ЭРКЕНАБ ГУГАРИЯЛЪУЛ КЪЕЦАЛ

Ахты росулъ 7-9 июналда тIобитIизе буго 1999-2000 соназ гьарурал лъималазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионат. Гьениб гIахьаллъи гьабизе буго зоналиял къецазулъ тIоцересел бакIал ккурал спортсменаз.

Болъихъ, ГIахьвахъ, ЦIумада, Гумбет районазул речIчIухъабазул командабаз гIахьаллъи гьабурал зоналиял къецал тIоритIана 27-28 маялъ нилъер районалдаги. Кидаго гIадин гьел къецалги тIоритIана Микрорайоналда бугеб спортзалалда жанир.

Районалъул спортотделалъул ва спортшколалъул хIалтIухъабаз хIаракат бахъула районалда тIоритIулел киналго тадбирал лъикIаб гIуцIалилаб къагIидаялда тIоритIизе. Гьединго берцинго, гIуцIалилаб комитеталъул планалда рекъон рагIалде рахъана гьел къецалги.

11 цIайиялъул категориялда гугаризе вахъана кинавниги 69 спортсмен. Гьезда гьоркьоса цIайиялъул 8 категориялда бергьенлъи босана нилъер районалъул речIчIухъабаз. ХIайбулаев Ражаб-(29 кг.), ХIайбулаев МухIамадамин-(32кг.), ГIисаев Рамазан-(35кг.), Расулов МухIамад-(42 кг.), Чупанов Ибрагьим-(50 кг.), СагIитов СагIидхIусен-(54 кг.), Асадулаев ГIазим- (58 кг.), Набиев МухIамад-(69 кг.).

КIиго цIайиялда бергьенлъи босана цIумадисез: Мусаев Муса-(38кг.) ва НурхIажиев Расул-(63кг.), 46кг. цIайиялда бергьенлъи щвана Гумбеталдаса Астемиров МухIамадие. Гьел рехсарал киналго спортсменал июналда Ахты районалде сапаралъ рахъине руго. Аллагьас кумек-квербакъи гьабеги гьезие бергьенлъигун тIад руссине.

Л. ЛАБАЗАНОВ,
АнсалтIа спортшколалъул директор.

ОБЪЯВЛЕНИЕ

На основании распоряжения главы администрации МО СП «село Кванхидатли» от 04.06.2013г. № 27-р на конкурсной основе путем проведения открытого аукциона проводится приватизация имущества являющейся собственностью МО СП «село Кванхидатли»

ЛОТ №1 Автомобиль Шевролет Нива 2123, год выпуска 2009, государственный регистрационный знак К 709 КА, № двигателя 0278073, кузов № X9L21230090266027, идентификационный № X9L21230090266027 цвет серебристый. Стартовая цена -70384,60 рублей.

Информация о приватизации указанного имущества также размещена на сайте http://torgi.gov .ru

Юридические и физические лица, желающие участвовать в аукционе, могут обратиться с письменными заявками в отдел по управлению муниципальным имуществом и землепользованию администрации МР «Ботлихский район». в течение 30 дней со дня опубликования настоящего объявления. Участники аукциона должны внести залог в размере 1 0% от стартовой цены. Справки по телефону 2-23-25 в рабочее время.

Х. Хайбулаев, начальник отдела.